



# SCHOOL BOARD OF POLK COUNTY

P.O. BOX 391  
BARTOW, FLORIDA 33831

(863) 534-0500

1915 SOUTH FLORAL AVENUE  
BARTOW, FLORIDA 33830

## Board Members

BOARD CHAIR  
KAY FIELDS  
DISTRICT 5

BILLY TOWNSEND  
DISTRICT 1

LORI CUNNINGHAM  
DISTRICT 2

HAZEL SELLERS  
DISTRICT 3

SARA BETH REYNOLDS  
DISTRICT 4

LYNN WILSON  
DISTRICT 6

TIM HARRIS  
DISTRICT 7

C. WESLEY BRIDGES, II  
General Counsel

Administration  
JACQUELINE M. BYRD  
Superintendent

Chè Paran/Responsab Elèv:

Pou asire pwoteksyon ak lasante, Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la fikse règleman pou bay elèv medikaman pandan orè lekòl la.

**Si pitit dwe pran kèlkeswa medikaman an pandan orè lekòl la, menm si se medikaman ki vann nan boutik (san preskripsyon), ou gen chwa sa yo:**

1. Ou menm oswa **yon moun majè ou deziyen**, kapab vini lekòl la pou bay pitit ou medikaman an. Yo pa ka bay enfimyè a/pwofesè asistan an/kontak lasante a responsabilite sa a.

OSWA

2. Ou kapab pran yon kopi fòm ki rele Otorizasyon pou Bay Medikaman/Tretman an oswa fòm ki rele Plan Medikal pou Kontwole Dyabèt la nan lekòl pitit ou a pou w pote bay doktè li. Se doktè li/pwofesyonèl medikal ansanm avèk paran/responsab elèv la ki dwe ranpli e siyen fòm nan. Lè fòm nan konplè, voye l retounen nan lekòl pitit ou a. Elèv ka resevwa medikaman nan lekòl la sèlman si fòm ki rele Otorizasyon pou Bay Medikaman/Tretman an nan dosye elèv la lekòl la. Paran ki gen elèv k'ap pran medikaman nan pomp oswa EpiPen, oswa medikaman ki mande pou yo tcheke sik nan san, oubyen medikaman pou dyabetik oubyen medikaman anzim pankreyatik, paran sa yo dwe pale doktè yo pou l ka mete yon nòt kote fòm Otorizasyon pou Bay Medikaman/Tretman an elèv la bezwen genyen pou l pote medikaman li lekòl la e pou l pran medikaman poukont li.

OSWA

3. Ou kapab chwazi pou w pale ak doktè/pwofesyonèl lasante pitit ou konsènan lè pou l pran medikaman li andeyò orè lekòl la.

**Yo pa pèmèt pèsonèl lekòl la bay elèv okenn medikaman sof si yo resevwa yon fòm Otorizasyon pou Bay Medikaman/Tretman oumenm ak doktè/pwofesyonèl lasante pitit ou a siyen. Yo egzije yon fòm otorizasyon/preskripsyon doktè/plan administrasyon medikaman nan koumansman chak ane lekòl epi chak fwa gen chanjman medikaman oswa chanjman dòz medikaman.**

**SÈLMAN** yon moun majè dwe pote medikaman ale e retounen nan klinik lekòl la. Lekòl la dwe resevwa medikaman doktè preskri yo nan bwat/flakon ki gen etikèt yo soti nan famasi a. Medikaman ki achte nan boutik san preskripsyon dwe vini lekòl la nan bwat/flakon ak etikèt ki gen non pitit ou a sou yo. Pou medikaman ki bezwen separe an dòz yo, separasyon an dwe fèt lakay ou oswa famasyon an dwe fè sa anvan w pote yo lekòl la. Yo pa otorize enfimyè/èd klinik lekòl la pou separe medikaman. Enfimyè lekòl la/èd klinik lekòl la pa otorize bay elèv medikaman ekspire, kidonk ki pase dat.

Pou fasilite w, yo mete yon kopi Otorizasyon pou Bay Medikaman/Tretman an nan do lèt sa a. Mache avèk yon kopi fòm sa a nenpòt ki lè w'ap mennen pitit ou kay doktè. Ou ka jwenn fòm otorizasyon sa a nan [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net).

Si w gen keksyon, tanpri tcheke lekòl pitit ou a oswa rele Sèvis Lasante pou Lekòl nan Kanton Polk la nan 291-5355.

Mèsi pou kolaborasyon w.

Rev. 5-2017